

Asistans Dirèk pou Lojman Tanporè

Release Date: Oct 26, 2022

Sou demann Eta Florid la, FEMA te apwouve Asistans Dirèk pou Lojman Tanporè, ke yo bay aplikan ki elijib yo pou satisfè bezwen lojman tanporè yo.

Elijiblite

Aplikan yo ka elijib pou lojman tanporè dirèk si yo:

- Pwopriyetè kay oswa lokatè kay ki te resevwa gwo domaj (domaj estriktirèl siyifikatif ki mande anpil reparasyon epi ki pa fonksyonèl pou ou viv ladan l an sekirite) oswa ki te detwi (pèt total oswa domaje nan yon nivo ke reparasyon pa posib) kòm konsekans yon dezast (ki baze sou enspeksyon FEMA); epi
- Rezidans prensipal ou a nan youn nan kat konte yo deziyen pou Asistans Dirèk pou Lojman Tanporè FEMA a – Charlotte, Collier, DeSoto ak Lee.

Kisa k ap pase apre?

Si aplikan yo satisfè kritè pou lojman tanporè dirèk, FEMA pral kontakte yo.

Aplikan ki pa kalifye pou lojman tanporè dirèk yo ka kalifye pou asistans pou lokasyon. Asistans pou lokasyon FEMA a bay èd finansye tanporè pou sivivan katastwòf yo gen yon kote pou yo viv pandan y ap fè plan pou lojman pèmanan.

Opsyon Lojman Tanporè Dirèk yo ka enkli

Inite Lojman Tanporè Transpòtab yo

FEMA ka mete yon trele oswa Inite Lojman Prefabrike (MHU) sou yon sit prive oswa nan yon pak komèsyal. FEMA kapab kowòdone tou ak Eta Florid ak ofisyèl lokal yo pou konstwi sit gwoup pou plizyè inite lojman transpòtab.



- Aplikan yo apwouve pou yon trelè vwayaj oswa MHU dwe siyen yon Lisans Revokab ak resi Pwopriyete Gouvènman an anvan yo rantre nan inite lojman an.

Lwaye Dirèk

FEMA ka lwe pwopriyete rezidansyèl ki egziste deja, ki pare pou yo okipe yo pou itilize kòm lojman tanporè. Kalite pwopriyete ki elijib yo ka gen ladann lokasyon pou vakans, apatman antrepriz, dezyèm kay, kay yon sèl fanmi, koperativ, kondominyòm, townhouses, ak lòt kay ki fasilman fabrike. Kontra lwaye dirèk yo se pou aplikan ki elijib yo ki pa ka satisfè bezwen lojman ak lòt opsyon Asistans Dirèk pou Lojman Tanporè.

Lwaye ak Reparasyon pou plizyè fanmi

FEMA finanse reparasyon oswa amelyorasyon pwopriyete lokasyon ki vid pou plizyè fanmi ke aplikan ki elijib yo ka itilize kòm lojman tanporè.

- Aplikan yo apwouve pou kontra lwaye ak reparasyon pou plizyè fanmi oswa kontra lwaye dirèk dwe siyen yon akò lojman tanporè ak FEMA ak yon kontra lokasyon ak pwopriyete a anvan yo rantre nan inite lojman an.

Sivivan yo ka elijib menm si yo pa t kalifye pou Asistans pou Lojman Tranzisyonèl (TSA). Enfòmasyon yo bay FEMA nan moman aplikasyon an sifi pou FEMA pran yon desizyon sou kalifikasyon.

FEMA pral travay ak aplikan ki elijib yo pou asire yo ap fè pwogrè sou yon plan lojman pèmanan pandan y ap resevwa Asistans Lojman Tanporè Dirèk.

